

# Rete an sekirite kont lawoujòl: Konnen Reyalite yo



Depatman Sante ap swiv yon epidemi lawoujòl nan Philadelphia. Lawoujòl ka danjere, sitou pou ti bebe ak timoun piti. Li pi kontajye plis pase lòt viris.

Lawoujòl souvan kòmanse ak lafyèv, nen k'ap koule, tous, je wouj, ak tach blan nan bouch la. Plizyè jou apre, yon gratèl wouj kòmanse soti nan figi a, deplase desann nan rès la nan kò a.

Lawoujòl ka lakoz yon enfeksyon nan poumon grav ki rele nemoni, enflamasyon sèvo yo rele ansefalit, efè alontèm, entènè lopital, ak lanmò.

## Ki jan lawoujòl pwopaje?

Lawoujòl pwopaje lé ou bò kote yon moun ki gen lawoujòl ki touse, etènye, oswa jis respire. Lawoujòl ka gaye anvan yon moun ki gen lawoujòl gen yon gratèl epi apre sentòm yo fini. Jèm yo ka dire nan yon chanm pou de zè de tan apre yon moun ki gen lawoujòl te kite espas la.

## Ki pi bon pwoteksyon kont lawoujòl?

Pran vaksen! Seri vaksen MMR rekòmande a 12-15 mwa epi ankò lè yon timoun vin gen 4 lane. Tibebe ki gen plis pase 6 mwa ta dwe pran yon dòz vaksen MMR anvan yo vwayaje nan yon peyi kote lawoujòl pi komen.



Apeprè 1 moun sou 5 ki gen lawoujòl pral entènè lopital.



1 sou chak 1,000 moun ki gen lawoujòl ap devlope enflamasyon sèvo akòz enfeksyon (ansefalit), ki ka lakòz domaj nan sèvo.



1 a 3 sou 1,000 moun ki gen lawoujòl pral mouri, menm ak pi bon swen.

Jwenn kote ki bay vaksen yo nan pwochen paj la. →

# Rete an sekirite kont lawoujòl: Pran vaksen



Vaksen kont lawoujòl, malmouton ak ribeyòl (MMR) se pi bon pwoteksyon ou kont lawoujòl. Li disponib gratis pou tout rezidan Philadelphia nan chak Sant Sante Vil la.

Nenpòt timoun nan Philadelphia ka resevwa vaksen nan Sant Sante Vil la. Rele 215-685-2933 pou pran yon randevou.

## Pou yon tan limite:

Sant Sante Vil yo pral ofri vaksen MMR pou nenpòt moun ki abite Philadelphia, lendi jiska vandredi, 10am - 12pm ak 1pm - 3pm.

### Sant Sante 3

555 N 43rd St, Philadelphia, PA 19104

### Sant Sante 4

4400 Haverford Ave, Philadelphia, PA 19104

### Sant Sante 5

1900 N 20th St, Philadelphia, PA 19121

**Pa bezwen yon randevou! Pa bezwen yon ID, jis yon pyès lapòs ak adrès ou sou li ap bon!**



Pou jwenn mizajou sou ki kote pou pran vaksen MMR, vizite [bit.ly/PhilaMeasles](https://bit.ly/PhilaMeasles).  
Pou jwenn mizajou sou epidemi lawoujòl la nan Philadelphia, vizite [bit.ly/Measles2024PHL](https://bit.ly/Measles2024PHL).